

<http://lenouvelliste.com/lenouvelliste/article/128832/Inisyativ-MIT-Ayiti-ap-kore-edikasyon-san-barye-ann-Ayiti.html>

Inisyativ MIT-Ayiti ap kore edikasyon san baryè ann Ayiti

Le Nouvelliste | Publié le : 20 mars 2014

Michel DeGraff

Ayiti se yon peyi an tranzisyon. Se yon peyi ki rich ak posibilite nan divès sektè, e chak moun dwe pote kole nan domèn yo gen konesans ladan. Peyi a gen anpil posibilite pou devlope tèt li si nou byen itilize resous li. Men, nou dwe rekonèt Ayiti ap fè fas kare ak yon latriye pwoblèm ki gen rasin yo depi sou tan lakoloni. Sa gen anpil move konsekan sou kalite ansèyman epi sou mwayen pou timoun yo jwenn edikasyon. Lekòl pa ede yo reflechi sou reyalyte peyi yo pou yo rive transfòme l. Rechèch modèn nan zafè edikasyon montre nou menm ann Ayiti nou ka fè dekabès si nou sèvi ak lang matènèl nou ansanm ak teknoloji nimerik. De (2) zouti sa yo se kle pou amelyore kalite edikasyon ann Ayiti. Se menm kalite dekabès sa a nou wè nan peyi devlope kote lang matènèl timoun yo makònen ak teknoloji ki se motè devlopman ekonomik nan peyi devlope sa yo.

Depi plis pase twa lane, mwen menm ak Doktè Vijay Kumar (ki se direktè Biwo inovasyon ak teknoloji pou edikasyon nan MIT) ansanm ak plizyè ekip pwofesè epi teknisyen nan MIT, n ap travay men nan men ak plizyè enstitisyon ann Ayiti pou devlope resous teknolojik pou rive tabli yon edikasyon san baryè ann Ayiti. Resous sa yo se zouti nimerik ki bay lang kreyòl la plas li tout bon vre nan sistèm edikasyon ayisyen an. Mak fabrik pote kole sa a ant MIT ak Ayiti rele «Inisyativ MIT-Ayiti ». Objektif nou se sèvi ak kreyòl pou devlope nouvo pedagoji ak materyèl modèn pou aprantisaj aktif nan syans, teknoloji, jeni ak matematik (ann angle: « Science, Technology, Engineering & Mathematics » oswa « STEM »).

Inisyativ sa a te rive demare gras ak finansman ki soti nan FOKAL, MIT, Wade Foundation, Open Society Foundation epi National Science Foundation. Bò kote pa Ayiti, plizyè enstitisyon te patisipe nan senpozyòm planifikasyon oktòb 2010 nan MIT, lè nou te lanse Inisyativ MIT-Ayiti a: FOKAL, Faculté des sciences (Université d'État d'Haïti), Université Caraïbes, École normale supérieure (Université d'État d'Haïti), École supérieure d'infotronique d'Haïti, Université Quisqueya, Rektora Inivèsite d'Eta d'Ayiti, Faculté de linguistique appliquée, Université Notre Dame d'Haïti, Biwo karayib Agence universitaire de la francophonie, NATCOM, Turbo Système, Solutions S.A. epi EducaTech. Anpil nan enstitisyon sa yo kontinye ap pote kole ak MIT pou Inisyativ la ateri. N ap jwenn tout lis la nèt nan: <http://haiti.mit.edu/symposium/participants-from-haiti/> (<http://haiti.mit.edu/symposium/participants-from-haiti/>).

Ann avril 2013, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl ann Ayiti (MENFP) te siyen yon akò avèk Inisyativ MIT-Ayiti a dekwa pou ansanm yo ka kalkile ki jan pou yo antre materyèl epi metòd Inisyativ la nan pwòp estrateji pa ministè a pou fòmasyon anseyan ak preparasyon kourikoulòm. Depi lè sa a, Inisyativ MIT-Ayiti kontinye ap chache kolabore ak MENFP pou pèmèt pwogram nouvo segondè yo ak rezo inivèsite piblik rejyonal yo benefisyè metòd aprantisaj aktif ak materyèl pedagogik sayo ki chita sou zouti nimerik an kreyòl. Chans pou nou, deja gen plizyè pwofesè nan inivèsite piblik sa yo k ap patisipe nan Inisyativ MIT-Ayiti a ansanm ak pwofesè nan inivèsite ki Pòtoprens yo. Nou te gen patisipan ki te soti nan Inivèsite Henri Christophe Limonad la tou. Gras ak konbit sa a, nou gen lespwa ke rezilta Inisyativ la va rive gaye nan tout rakwen peyi a.

Mak fabrik Inisyativ MIT-Ayiti a chita sou pedagoji ki mache ak aprantisaj aktif ki pou ede timoun yo vin pi kreyatif nan

sa y ap aprann lan. Ki sa « aprantisaj aktif » vle di? Enben, se lè etidyan yo ap aprann pandan y ap bati pwòp konesans yo. Kon sa, yo fè aktivite ki chita sou travo pratik, sou esperimantasyon ak dekouvèt, sou patisipasyon ak kolaborasyon, sou brase lide an gwoup, eks. Inisyativ MIT-Ayiti ap kore pedagogi modèn sa a ak zouti nimerik epi metòd ansèyman ki soti MIT ak lòt enstitisyon k ap fè bon jan rechèch nan domèn edikasyon. Resous sa yo ap sèvi pou fòmasyon pwofesè yo epi pou rive tabli nouvo pwogram etid nan diferan branch STEM yo. An nou gade kèk aktivite k ap fèt nan diferan seminè fòmasyon ke Inisyativ MIT-Ayiti ap fè ann Ayiti ak anseyan nan nivo lekòl segondè ak inivèsite.

Nan seminè fòmasyon k ap fèt depi mwa mas 2012, plizyè ekip anseyan nan ekip MIT-Ayiti a, moun ki maton nan zafè teknoloji, ansanm ak espesyalis nan STEM (fizik, matematik, biyoloji, jenetik, biyochimi) ap òganize sesyon travay an kreyòl nan Le Plaza pou fòmasyon pwofesè yo epi prepare pwogram ansèyman nan disiplin STEM yo. Tout anseyan sa yo (ayisyen natif-natal tankou pwofesè etranje yo) chofe nèt paske yo wè jan yo ka amelyore ansèyman ak aprantisaj lè zouti nimerik yo makonnen ak lang matènèl timoun yo. Zouti nimerik sa yo se tankou laboratwa vityèl sou òdinatè ki ka sèvi pou travo pratik nan inivèsite ak lekòl ki pa ka rive jwenn laboratwa tradisyonèl. Mank sa a se sityasyon pi fò lekòl nan peyi a. Gras ak lojisyèl MIT-Ayiti sa yo, nou gen posibilite kounye a pou mete laboratwa nimerik nan lekòl tout kote nan peyi a pou timoun yo fè travo pratik depi yo ka met men yo sou yon òdinatè. Travo pratik an kreyòl sa yo pèmèt etidyan yo mete lespri yo nèt sou matyè y ap aprann nan san yo pa nan grate tèt nan dekòde lang lan. An menm tan, n ap kolabore ak pwofesè ayisyen yo pou yo rive evalye nouvo zouti ak nouvo pwogram ansèyman sa yo. Kon sa, pwofesè yo ap ka mezire pwogrè elèv yo ka fè nan sèvi ak zouti teknolojik sa yo ki nan lang matènèl yo. Soti nan mas 2012 rive jodi a, gen twa seri seminè ki gen tan fèt. Kounye a, n ap tou pwofite anonse katriyèm nan k ap fèt 24–27 mas 2014 nan Le Plaza.

Atelye fizik yo te prezante yon pedagogi aprantisaj aktif ki sèvi ak lojisyèl pou esperimantasyon nan fizik. Gras ak lojisyèl sa yo, pwofesè ki te patisipe nan seminè fòmasyon yo te aprann sèvi ak teknik similasyon, vizyalizasyon epi teknik entèaktif pou rezoud egzèsis fizik pandan y ap pwofonde metòd aprantisaj aktif sou òdinatè. Epi tou, anseyan yo te travay sou ki jan pou yo fè teknik sa yo antre nan pwogram ansèyman nan sal klas pa yo.

Nan seminè sou matematik, nou travay ak ti lojisyèl an kreyòl ke nou rele « Matlèt » ki te devlope nan depatman matematik MIT. Pawòl « Matlèt » sa a soti nan mo angle « Mathlet » ki se yon konbinezon « Math » ak « Applet ». Zouti Matlèt sa yo prezante lide abstrè sou yon fòm ke moun kapab wè. Divès Matlèt trase koube pou etidyan yo ka byen konprann konpòtman sistèm ke yon ekwasyon matematik reprezante. Matlèt sa yo ankouraje etidyan fè esperimantasyon ki ka montre si ipotèz etidyan yo bon oswa pa bon.

Seminè biyoloji yo te prezante « StarBiochem » ak « StarGenetics ». Sa se 2 lojisyèl nan koleksyon zouti nimerik ki rele « STAR » ki soti nan Biwo inovasyon ak teknoloji pou edikasyon nan MIT (« OEIT »). Pawòl « STAR » la soti nan non angle « Software Tools for Academics and Researchers » ki vle di: « Zouti lojisyèl pou ansèyman ak rechèch ». StarBiochem se yon lojisyèl ki pèmèt moun gade molekil sou fòm imaj an twa dimansyon (« 3-D »). Li ede moun manipile molekil sa yo nan laboratwa vityèl sou laptop yo pou yo ka byen konprann estrikti ak fonksyonman pwoteyin, ki se de (2) manman konsèp nan biyoloji. StarGenetics se yon laboratwa vityèl sou òdinatè kote timoun yo ka fè kwazman ant divès egzanp òganis tankou ti mouch ak plant pwa. Lè etidyan yo sèvi ak lojisyèl sa yo pou yo fè esperimantasyon, sa fè yo konprann biyoloji pi byen, menm si yo pa rive jwenn laboratwa tradisyonèl. E pafwa lojisyèl yo pèmèt yo fè esperimantasyon vityèl yo pa ta fouti fè an reyalye. Pa egzanp, gras ak lojisyèl StarGenetics la, pwofesè yo ka kreye egzèsis byen rapid pou timoun yo konprann ki jan sèten karakteristik jenetik ka travèse plizyè jenerasyon pitit pami 100 000 ti mouch oswa 100 000 bèf oswa 100 000 pwason—sa se esperimantasyon ki ta pran plizyè mwa ak milyon ven nan yon laboratwa tradisyonèl.

Konstitisyon 1987 la di kreyòl se sèl lang ki simante tout Ayisyen. Se sèl lang tout Ayisyen ann Ayiti pale kou rat. Kidonk, nou dwe aprann li ak ekri nan pwòp lang matènèl nou. Kon sa, timoun yo ap pi alèz pou brase lide, pataje konesans, esplike sa yo konprann oswa sa yo pa konprann san pwoblèm. Se pou sa se an kreyòl sèlman nou ka reyalize aprantisaj aktif pou tout timoun ann Ayiti san diskriminasyon. Kon sa, plis timoun va rive jwenn pi bon

opòtinite pou yo reyisi nan lekòl ak nan lavi yo tou. Se klè, tout zouti ak resous nimerik nan Inisyativ MIT-Ayiti a an kreyòl, pou yo ka rive rele anseyan ak etidyan « chè mè, chè metrès ». Lè etidyan aprann nan lang matènèl yo, sa pèmèt yo fè refleksyon ki pi djanm e ki gen nanm. E sa ede yo devlope konsèp ak lide ki pi solid.

Sa fè byen lontan depi anpil moun save panse ke lang kreyòl la se yon lang ki pa banda, se yon lang ki ka bay moun tèt fè mal, se yon lang ki pa dwe sèvi nan tout nivo nan sistèm lekòl la, se yon lang ki enferyè devan lang ke yo rele « lang entènasyonal ». Nan rechèch mwen fè kòm lengwis, mwen montre ke lide sa yo pa kanpe sou anyen douvan sa lasyans di: kreyòl se yon lang ki chaje ak richès sou plan lengwistik, se yon lang moun ka sèvi avè l nèt pou yo esplike nenpòt konsèp syantifik ki sofistike e ki konplike. E nou fè esperyans sa a nan atelye MIT-Ayiti yo. Gen yon pwofesè fizik ki esplike nou jan timoun yo konprann byen lè klas la fèt an kreyòl ak zouti MIT-Ayiti yo, e jan yo vin patisipe aktif nan bati konesans yo gras ak de (2) zouti sa yo (lang lan epi teknoloji a). Pwofesè a di nou ke pafwa lè timoun yo kòmanse pale twòp, li rekòmanse anseyan an franse, epi timoun yo vin bèbè ankò.

Si gen sèten twou vid nan lang kreyòl la, se sèlman paske nou menm Ayisyen pa te ko devlope yon vokabilè teknik ki djanm pou lasyans, matematik, teknoloji, eks. E nou ka suiv egzanp lòt lang ki te rive devlope vokabilè teknik pa yo tou lè lang sa yo te vin sèvi pou lasyans, pou matematik, pou ansèyman, eks. Ekip savan ak pwofesè ki nan Inisyativ MIT-Ayiti a ap travay pou ranpli twou vid sa yo nan lang kreyòl la. Pandan n ap sèvi ak kreyòl nan domèn lasyans ak matematik ki avanse, nou tou pwofite pou nou devlope yon envantè mo syantifik ki pa te ko sèvi nan lang lan. Ki fè, n ap devlope bon jan vokabilè kreyòl pou lasyans ak matematik. Sa se yon travay k ap fèt nan brase lide ak pwofesè k ap anseye divès matyè STEM ann Ayiti. E se la nou wè ki jan lang lan se tankou yon bibit : plis n ap travay ak li, se plis l ap vin pi gwo nèg, e se plis l ap ede anseyan ak etidyan vin pi maton ! Nan sans sa a, nou bezwen yon Akademi Kreyòl ki pou ta ede lang lan kontinye devlope bibit li, selon sa Konstitisyon an mande depi 1987. Se kon sa lang lan ap rive sèvi alekri kòm aloral kòm sa dwa nan tout domèn sosyete a. E lè sa a, n ava pwouve tèt nou, kilti nou ansanm ak idantite lengwistik nou.

Pedagoji aprantisaj aktif ak zouti modèn an kreyòl nan tout kalite domèn, sa bay benefis pou lekòl primè tou. Nan Lekòl Kominotè Matènwa ki chita nan Lagonav, mwen te fè yon esperyans ak zouti nimerik an kreyòl pou aprantisaj matematik ak yon gwoup elèv ki nan 4yèm ane. Rezilta esperyans sa bay fè anpil moun sezi: je elèv yo louvri, lespri yo okipe nan sa y ap aprann nan, epi timoun yo patisipe ak kè kontan nan aktivite aprantisaj la, yon fason ki pèmèt yo fè bon jan pwogrè. Pandan mwen t ap fè rechèch nan kominote Lagonav la, mwen te wè ki jan timoun k ap aprann li ak ekri an kreyòl bay pi bon rezilta lontan pase timoun ke y ap montre li ak ekri an franse nan menm zòn nan. Pwoblèm nan se paske timoun sa yo ap aprann li ak ekri nan yon lang ke yo pa alèz ladan ditou. Ki fè, yo pa fouti rive maton nan li ak ekri, e sa kreye yon blokaj pou yo depi yo kòmanse al lekòl. E kon sa, yo p ap janm rive devlope bon jan kapasite pou yo vin maton nan li ak ekri ni an kreyòl ni an franse ni nan okenn lòt lang. Ale wè pou yo ta vin maton ni nan syans, ni nan matematik, elatriye. Blokaj akademik sa a ap suiv yo pou tout rès vi yo, e se peyi a k ap plede pèdi tou paske l ap gaspiye yon pakèt sèvo. Se klè, edikasyon nan yon lang ke timoun yo pa pale se yon vyolasyon dwa lengwistik ak dwa moun ann Ayiti.

Lè nou sèvi ak lang matènèl nou ansanm ak bon jan pedagoji ki chita sou bon jan zouti tankou zouti nimerik modèn ki sèvi nan MIT yo, sa bay timoun yo fondasyon ke yo bezwen pou yo byen aprann tout lòt matyè: syans, matematik, epi lòt lang tankou franse, angle, panyòl, eks. Avèk bon jan fondasyon akademik sa yo, timoun yo ap ka genyen yon nivo konesans djanm pou yo vin pwofesyonèl ak teknisyen ki kreyatif, e ki ka ede peyi a gen bon jan kwasans ekonomik.

Aplike rekòmandasyon sa yo se pa yon travay k ap fasil: sa pral mande pou Ministè Edikasyon Nasyonal ak lòt aktè nan sektè prive e piblik ak nan sosyete sivil pou yo gen anpil kouraj pou travay men nan men pou yo tabli yon nouvo sistèm edikasyon ki pi demokratik pou jenerasyon k ap vini yo: yon sistèm ki dwe fè timoun yo gen konfyans nan tèt yo ak motivasyon pou yo sèvi ak kiryozi yo pou yo kontinye dekouvri anpil richès nan syans, teknoloji, jeni ak matematik. Nouvo sistèm edikasyon sa a pral ede nou kreye yon Ayiti ki pi fò, ki pi maton e ki pi dinamik.

Yon efò kon sa mande gwo kolaborasyon ak anpil enstitisyon ann Ayiti epi anpil enstitisyon lòt kote tou. Travay sa a ta enposib san yon pakèt anseyan ayisyen ki te kreye bèl egzanp pou nou e ki te ede nou òganize seminè sa yo. Se

anseyan sa yo tou k ap evalye nouvo zouti sa yo nan sal klas pa yo. Gras ak kolaborasyon plizyè lidè, rektè, dwayen, anseyan, teknoloòg, savan, konsiltan, lengwis, tradiktè epi entèprèt devwe, ni ann Ayiti ni lòt bò dlo, konbit la ap kontinye ak kè kontan. Non yo twòp pou nou ta site yo tout. Men, yo konnen ki moun yo ye, e n ap di yo tout mèsè anpil. Men anpil, chay pa lou, se vre.

[Atik sa a se yon pwolonjman yon atik ki te parèt ann angle pou premye fwa nan sit wèb pou Biwo Inovasyon ak Teknoloji pou Edikasyon nan MIT: <http://oeit.mit.edu/blog/oers-and-active-learning-haiti> (<http://oeit.mit.edu/blog/oers-and-active-learning-haiti>) . Epi nou ka jwenn plis enfòmasyon ak materyèl sou Inisyativ MIT-Ayiti la lè nou konsilte sit sa yo: <http://haiti.mit.edu> (<http://haiti.mit.edu>) epi <http://mit.edu/degraff> (<http://mit.edu/degraff>) . N ap jwenn enfòmasyon sou Lekòl Kominotè Matènwa nan sit sa a: <http://matenwalc.org/> (<http://matenwalc.org/>). Inisyativ MIT-Ayiti ap fè yon 4èm atelye nan Le Plaza nan dat 24--27 mas 2014. Nou mèt ekri mit-haiti@mit.edu (<mailto:mit-haiti@mit.edu>) pou nou jwenn plis enfòmasyon.]

Michel DeGraff
Massachusetts Institute of Technology